

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Hasil panalungtikan anu dilaksanakeun di kelas VIII D SMP Negeri 3 Lémbang Taun Ajaran 2011/2012 minangka hasil panalungtikan studi kuasi ékspérimén kalawan desain panalungtikan pratés jeung postés (*the one group pretest-posttest*). Numutkeun kana hasil déskripsi jeung analisis hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun, bisa dicindekkeun yén modél pangajaran *Cooperative Integrated Reading and Composition (CIRC)* téh éfektif bisa ningkatkeun kamampuh nulis surat pribadi siswa.

Sangkan leuwih jéntré, kacindekan tina hasil panalungtikan diécéskeun deui, katitén ieu di handap:

- 1) Kamampuh nulis surat pribadi siswa kelas VIII D SMP Negeri 3 Lémbang taun ajaran 2011/2012 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Cooperative Integrated Reading and Composistion (CIRC)* téh masih handap. Ieu hal, dumasar kana rata-rata peunteun sakabéh siswa anu dicangkingna, nya éta 66,58. Eta hasil téh, teu nyumponan kana katégori peunteun anu geus ditangtukeun, nya éta 70. Siswa anu dianggap mampuh nulis surat pribadi dina pratés téh aya 7 urang (22,58%), kalawan rata-rata peunteun 77,14. Sedengkeun siswa anu dianggap can mampuh nulis surat pribadi aya 24 urang

(77,41%), kalawan rata-rata peunteun 63,5. Sabada ngagunakeun modél pangajaran *CIRC*, 29 siswa mampuh nulis surat pribadi (93,54%), kalawan rata-rata peunteun 84,14. Sedengkeun anu can mampuh aya 2 urang (6,45%), kalawan rata-rata peunteun 64.

- 2) Modél pangajaran *CIRC* éfektif dina ningkatkeun kamampuh nulis surat pribadi. Eta hal bisa kabukti tina ningkatna hasil diajar siswa, boh tina rata-rata aspék anu dipeunteun, boh rata-rata peunteun atawa perséntase peunteunna. Sabada ngagunakeun modél pangajaran *CIRC*, rata-rata aspék anu dipeunteun téh ningkat; aspék eusi surat ningkat 18,96%; aspék tata basa ningkat 16,6%; aspék diksi surat ningkat 15,6%; aspék komposisi surat ningkat 16,8; jeung dina aspék tata tulis 11,6%. Salian ti éta, tina rata-rata peunteun jeung perséntase peunteun anu dihontal ku siswa ogé ningkat 17,3, nya éta tina peunteun 66,58 ningkat jadi 83,61. Salian ti éta, tina hasil uji sipat data ngagunakeun uji normalitas data nuduhkeun yén distribusi datana normal. Ku kituna, diayakeun uji homogénitas varians sampel data anu nuduhkeun yén varians sampel data normal. Dina uji gain, kapanggih bédha rata-rata kamampuh pratés jeung postés nulis surat pribadi téh nya éta 18,32. Dina uji hipotésis, nuduhkeun yén $t_{itung} > t_{tabéł}$, nya éta 16,48 > 2,457. Hartina, hipotésis ditarima dina taraf signifikansi 99 %. Eta hal ngabuktikeun yén modél pangajaran *CIRC* téh éfektif pikeun digunakeun dina pangajaran nulis surat pribadi siswa kelas VIII D SMP Negeri 3 Lémbang taun ajaran 2011/2012.

- 3) Aya bédha anu signifikan antara kamampuh nulis surat pribadi siswa kelas VIII D SMP Negeri 3 Lémbang taun ajaran 2011/2012 saméméh jeung sabada

ngagunakeun modél pangajaran *CIRC*. Eta hal bisa katitén tina aya bédá antara hasil diajar siswa, boh tina rata-rata aspék anu dipeunteun, boh rata-rata peunteun, atawa perséntase peunteun. Saméméh ngagunakeun modél pangajaran *CIRC*, siswa anu can mampuh nulis surat pribadi téh aya 77,41%. Pon kitu deui, siswa anu geus mampuh nulis surat pribadi kalawan katégori cukup, aya 9,67%, anu kaasup katégori alus aya 12,90%. Dina pratés, siswa can aya anu bisa nyangking katégori alus pisan. Sedengkeun sabada ngagunakeun modél pangajaran *CIRC* dina postés, aya 4 siswa anu nyangking katégori alus pisan kalawan perséntase 12,90%, jeung 70,96 % siswa anu geus mampuh nulis surat pribadi kalawan katégori alus, sarta 9,67% katégori cukup.

5.2 Rékoméndasi

Sabada diayakeun panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *CIRC* dina pangajaran nulis surat pribadi, aya sawatara rékoméndasi tina ieu hasil panalungtikan. Eta rékoméndasi téh di antarana:

- 1) Dina kgiatan pangajaran, guru kudu parigel dina milih modél atawa média anu cocog jeung matéri anu rék dijarkeun ka siswa.
- 2) Modél pangajaran *CIRC* mangrupa salasahiji modél anu kaasup éfektif. Ku kituna, dipiharep bisa digunakeun dina prosés pangajaran.
- 3) Pangajaran nulis surat pribadi kalawan ngagunakeun modél pangajaran *CIRC*, bakal leuwih éfektif saupama siswa dikondisikeun di tempat anu merenah.
- 4) Guru kudu biasa ngalarapkeun modél-modél pangajaran anu parigel, sangkan siswa henteu jenuh.

- 5) Waktu dilaksanakeunna panalungtikan, diusahakeun dina prosés diajar anu éfektif, sangkan siswa bisa fokus salila kagiatan panalungtikan lumangsung.
- 6) Kagiatan panalungtikan kudu ditataharkeun heula ti anggalna, sangkan waktu panalungtikan teu kabangbalérkeun jeung teu ngaganggu kana prosés panalungtikan.
- 7) Ku lantaran, ieu modél pangajaran *CIRC* téh éfektif digunakeun dina pangajaran nulis surat pribadi, dipiharep ieu modél téh bisa dipaké dina prosés pangajaran nulis umumna jeung pangajaran nulis surat pribadi hususna.
- 8) Dipiharep aya panalungtikan lianna anu leuwih parigel dina pangajaran nulis surat pribadi hususna, jeung pangajaran nulis umumna, kalawan ngagunakeun modél, média atawa métode pangajaran séjénna.

